

30 jiyè

Menm si m ap pase nan yon ravin kote ki fè nwa anpil, mwen p ap pè anyen, paske Senyè, ou la avèk mwen. Se baton ou ak gòl ou ki fè kè m pa kase. Sòm 23. 4

Jezi reponn li : sa m ap di w la se vre wi, jodi a ou pral avè m nan paradi. Lik 23. 43

Akonpayman

Yo pale sou akonpayman yon moun ki twouve l nan finisman lavi li. Nan peryòd difisil sa yo, akonpayman, se ede moun ki pral mouri an, pou l pa santi l sèl. Ou ede moun nan nan difikilte li. Ou pale avèk li pou ankouraje l, ou koute l lè l ap pale, menm si sa l ap di yo pa gen twòp valè pou ou menm, ou trè senpatik avèk li. Moun ki gen fòmasyon pou sa a, ka ede moun ki pral mouri.

Men, moun sa yo k ap ankouraje lòt ki pral mouri yo, èske yo konnen yo menm kote yo prale ? E si yo konnen, èske yo ka pale de Jezi san pwoblèm ? Nou dakò y ap akonpanye moun ki pral mouri a, pou ale ki kote ? Yon pawòl pou ankouraje yon moun ki pral mouri pa gen okenn sans si moun k ap ankouraje lòt la pa konnen sa k ap pase nan odela.

Se sèl Jezi ki k ap akonpanye toutbon yon moun ki pral mouri nan odela. Paske li konnen chemen lanmò a. Li te pase nan chemen sa a, lè li te bay lavi li pou nou sou kwa a. Men, fòk ou te deja avèk li lè ou te gen lavi, pou li akonpanye ou nan lanmò. San yo pa di sa, anpil moun pè lè yo pral mouri. Jezi vle bay moun ki pral mouri yo rekonfò, men li vle bay tou kè poze ak asirans ke sèl konfyans nan Jezi kab bay.

Pou moun ki gen konfyans nan Jezi. Lanmò kondui yo nan prezans Jezi Kris, sovè yo, ki kondui nan kay papa l ; Bondye. Devan lanmò, yo kapab sonje pawòl Jezi te di nonm malfektè ki te repanti a ; lè l te sou kwa a : “jodi a ou pral avè m nan paradi”.

30 juillet

Même quand je marcherais par la vallée de l'ombre de la mort, je ne craindrai aucun mal ; car tu es avec moi : ta houlette et ton bâton, ce sont eux qui me consolent. Psaume 23. 4

Jésus lui dit : En vérité, je te dis : Aujourd'hui tu seras avec moi dans le paradis. Luc 23. 43

Accompagnement

On parle d'accompagnement des personnes quand celles-ci se trouvent en fin de vie. Dans ces moments difficiles, l'accompagnement consiste à ne pas laisser le mourant seul, et à l'aider en lui apportant soins, écoute, réconfort, sympathie. Du personnel formé pour cela cherche à apaiser celui qui s'en va.

Mais les personnes qui s'occupent avec tant de dévouement d'accompagner des mourants savent-elles, elles-mêmes, où elles vont ? Et si elles le savent, peuvent-elles librement parler de Jésus Christ ? Accompagner, oui ! Mais pour aller où ? Une parole de réconfort peut rester bien vide si celui qui la prononce n'a pas de certitude au sujet de l'au-delà.

Jésus Christ seul peut parfaitement accompagner quelqu'un à travers la mort. Il en connaît le chemin. Il l'a lui-même suivi lorsqu'il est entré dans la mort, crucifié sur la croix. Mais il faut avoir eu affaire à lui dans la vie, avant d'avoir affaire à la mort. Sans toujours l'avouer, beaucoup appréhendent ce terme ultime de leur vie. Jésus désire apporter à un mourant, non seulement des paroles de réconfort, mais la paix de la conscience et des certitudes dont la foi peut s'emparer.

Pour le croyant, la mort est un passage qui l'introduit dans la compagnie de son Sauveur jusque dans la maison du Père. Et devant la mort, il peut se souvenir des paroles adressées par Jésus, sur la croix, au malfaiteur repentant : "Aujourd'hui tu seras avec moi dans le paradis".